

Eseye Konprann

Aprann rezoud pwoblèm

Zip rad ki kwense! Jwèt ki demonte! Lèt ki tonbe!
Aprantisaj pou vin fò nan rezoud pwoblèm ede timoun
vin endepandan e fè yo santi yo konfòtab pou yo
eseye fè nouvo bagay. Li ede yo amize yo lè yap jwe
ansanm ak lòt moun tou.

Nosyon Debaz

Pwoblèm vini sou tout fòm ak sou tout dimansyon.
Yon jèn timoun gendwa pa ka rive nan evye a oswa li
gendwa vle monte sou tobogan an. Pafwa pwoblèm
sa yo vini avèk gwo emosyon.

Rezolisyon pwoblèm kòmanse bonè. Tibebe yo aprann
lè yo eseye fè bagay plizyè fwa. Menm jan ak jèn
timoun! Rezoud pwoblèm enplike kreyativite ak yon
volonte pou kontinye eseye. Grasa pratik, timoun yo
ka vin fò anpil nan rezoud pwòp defi pa yo.

Nòt:

Ou ka jwenn founiti ki souliyen yo nan kit ou a.

Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

Chèche tout kote

- Mande piti tou a pou li fè jwèt kach-kach. Youn
apre lòt, “kache” epi “chèche”. Gen pratik rezoud
pwoblèm ki nan jwenn kote pou kache epitou jwenn
ki kote lòt moun kache.
- Fè jwèt kach-kach ansanm ak maryonèt. Montre piti
ou a de(2) maryonèt. Annapre kache chak maryonèt
nan yon kote diferan. Bay piti ou a yon endis alafwa.
“Bèf la yon kote ki akeyan e ki konfòtab.” “Bèf ap fè
lasyès” “Ou jwenn li! Bèf te anba kouvèti a!”



Plis! 

Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

Kreye defi

- Bay pitit ou a defi pou li itilize blòk yo pou li bati yon tou poukont li. Chak fwa tou a tonbe, mande, “Kisa ou te ka eseye fè yon lòt fason pwochèn fwa?” Kite yo eseye plizyè fwa.
- Melanje I ! Pran lòt materyèl konstriksyon nan bwat resiklaj ou a pou ajoute sou blòk yo. Bay pitit ou a defi pou li itilize kèp yogout, woulo papyè twalèt ak kèlkeswa sa ou genyen pou li bati yon tou. Li pi difisil paske materyèl yo gendwa pa ka antre nan lòt byen fasil.
- Bay pitit ou a defi pou li itilize blòk yo pou li bati yon kay pou yon maryonèt. Kisa kap rive si lapli tonbe ? Eseye ajoute materyèl konstriksyon pou fè yon plafon.
- Eseye fè plis defi konstriksyon ansanm ak blòk ak bagay ou pran nan bwat resiklaj ou a. Konstui yon kay ki ase gran pou plis pase yon maryonèt. Kreye yon fason pou maryonèt la travèse yon wout. Bati yon bagay ki ase gran pou pitit ou a ak pou maryonèt la antre ladan ansanm. (Ou gendwa bezwen ajoute kèk zòrye ak kouvèti!)



Entèraksyon Toulejou

Itilize lè repa yo, lè gen manje ki tonbe atè pou rezoud pwoblèm. “Mwen wè ke ou lage lèt ou a atè. Aksidan ka rive. Kisa ou ka itilize ou ede netwaye I?”

Lè wap li yon liv, bay rezolisyon pwoblèm nan. Mande pitit ou a kisa pwoblèm nan te ye e kijan li ka rezoud li. Èske yo gen lòt ide sou kijan yo gendwa rezoud pwoblèm nan poukont yo?

Bay Egzanp, Obsève, Pratike

“Mwen pa ka louvri valiz sa a, Mwen ka itilize sizo. Ki lòt bagay mwen te ka eseye?”

Bay egzanp lè wap rezoud yon pwoblèm. Mande pitit ou a pou li ede w panse ak solisyon ki ka genyen yo.

“Ou te chwazi jwe ak lòt kasyon an olye pou pran pa tifi a. Sa te janti anpil.”

Obsève lè pitit ou fè yon bon chwa nan fason li rezoud yon pwoblèm. Itilize mo espesifik pou ede yo wè kisa ki bon nan chwa yo te fè yo.

“Mwen ka wè ke sa pa fonksyone twò byen. Ki lòt bagay ou te ka eseye?”

Antrene pou nou panse ansanm. Poze kesyon tankou, “Kisa ou panse ou ta dwe fè pwochèn fwa?” “Èske ou ka itilize objè sa a? M ap mande tèt mwen kijan...”